

**РАМАДАН Самира Бено**

****

Ахь йина йоцург, массо а чевнаш шайн пхенаш чохь тоь,

ХIинццалц сема лаьтташ ю ахь йина чов,

Суна а, цунна а юккъехь, дахделла, ца доьрзу-кх и дов!

****

ХӀай сан пхенаш чохь лелаш верг!

Хьо ца хилча, сан паччахьалла дужу,

Сан сина чохь лела нур шен некъах туьлу!

Сан кхане, бехказлонаш лоьхуш, ца йогӀуш юьсу!

Сан дог боданехь дуьжу,

Цуьнан некъаш тӀехь къуийгаш гӀуьтту!

*****

Хьо воцуш долчу дуьненахь олхазар декар дац,

Буьйсанна хуьлуш болу синкъерам хIумма самукъане хир бац…

Со елакъежча, эзар чов хуьлу даг чохь!

□ □

Ирс.

Оьмарехь хилла  уггар  дика хIума – тхойшиъ вовшахкхетар!

Уггар а вониг тIаьхьадисна вовшахкхетар ду!

****

ХIай сан ойлано сатуьйсуш верг!

Сох малх хилахьара,

Ас, сайн низам талхийна,

Сайн хьийзар а даццина,

Нийсачу сизца хьан хIордан йисте еана, сатийсамца

Хьан лаьтта тIехь сайн сатедийр ма дара!

*****

ДIатесначу бешахь сох хилахьара чемхалгаш:

Цхьана хьозано, хьан неIсагIи тIехь

цунах ша-шена бен бина,

Мел ирсе хир яра со хьан лулахь!

*****

ХӀай сан деган эла!

Ткъа хьо мичахь ву хӀинца?!

Хьуна гуш дац-те

Вайн цӀен зезагаш а,

Сатийсаман шовда а

Къастаран декъа гӀаш а –

Уьш дерриг  а хьан  деган пхенна тӀекхийдаш?!

****

Вайшинна юккъехь ю дуккха а чаккхармаш,

Делахь а вайн дегнаш гена ца довлу.

Геналлин ницкъ кхачац эшо вайн лаамаш!

*****

ХIай доттагI!

Дуьненчохь нийсо елахьара, вай шайн архI чуозале вайн лааман зезагаш лийр ма дацара!

****

Хьан шина бIаьрга чухула ца кхета малх – малхлацар ду!

****

Лазам,

Мила ву,

ахь хьегнарг а, хьоьгуш дерг а хууш?!

Хьан бІаьргашна хьалххахь муха маргІаллуш ду хьан оьмаран зезагаш?!

Хьан сих масазза цІий ихира?!

Муха охьаоьгу хьан лазам,

Туьха-шоврах иэделла догІанан тІадамаш санна,

Хьан чевнан Іийжам совбоккхуш?!

*****

Дехар!

Сох гІалат даьллехь,

ас доьху сайна гечдар!

Дагалоцуш

Эххар а сох хиндерг:

КIайн марчо хьарчийна, готтачу коша со йиллар,

БIаьрхищца Iодика еш, доIанца хьо тIаьхьавелхар!

**ЙоьIан дийцар**

Сан нана нускал далочу тойне яханчуьра цIа еача, тхо дара цуьнга хеттарш деш: «Муха дара и нускал? – бохуш!

Соьга бIаьрг таIош, шена тIаьхьа схьайола, шена со хьашт ю, элира цо. Со, йоьхна, хIун дийр ду ца хууш, йисира, беснеш цIийъелла, эхь хеташ. Со ойлане елира, шеко йоцуш, цхьана зудчо, со хазъелла, со шен кIантана еха лууш, нене со хьехийна. Шеко йоцуш, тхан лулахь йолу зуда ма ю иза. Со моссазза го, шен бIаьргаш суна тIера дIа ца дохуш хуьлу иза. Лулахо-кIант дешна стаг ма вац, хIетте а, дика болх беш ву иза. Бакъду, таро йолуш-м вац иза. ХIумма а дац, шен ден цIенна тIехь цуьнан шен цIа ду. Дукха несарий ма бу марзахощца цхьаьна бехаш. Айса-сайга элира: «ХIай йоI, дукха хIуманаш ма ехалахь цуьнгара, уггар коьртаниг – со цуьнца паргIат яхар ду!»

Сихха со маре йоьдучу дийнахь айса кхойкхур болучеран цIераш а дагалецира, сайн кучан бос, сайн дашо мухIар а, хIоз а!

Ма дукха хан яра со Греце яха лууш йолу! Цхьана баттана цига гIур ду тхойша!

Ден цIера со арайоккхуш, и минот дуьхьалхIоьттина, бIаьрхи хьаьдира: сан да а, нана а, йижарий а, вежарий а битина, ма хала ду-кх ден цIера араяла. И лан Делера сайна гIо дийхира ас…

Дог чIогIа детталуш, эхь хеташ, бIаьрг ца ойуш, со нана йолчу чу кхечира,

– ХIун лаьа хьуна, нана?!

Ела а къежаш, шен куьйгалоцучу тIоьрмиг чуьра атаелла мерзачу хIуманийн парча-кийсак соьга кховдош, цо элира:

– ХIара хьайн вежаршна ца гойтуш, сихонца яий чекхъяьккхий, араяла!!!

*****

Цо цуьнга хаьттира

– Сан меттиг мичахь ю?!

Шен дагна тIе пIелг хьажийна, цо жоп делира:

– Хьо хIоккхахь ю,

Сан хазахетар,

тоам а, таро а ю хьо!

Йоцуш цатерг ю хьо!

Тера цхьа а воцург ю хьо!!!

Доцца аьлча, йижинчуьра а гIаьттина, йоIа элира :

– Суна гIан гуш хиллачух тера ду!

****

Дийцахьа къаьстарех лаьцна!

Везашволчуьнан юьхь ца гуш, хьуна массо нехан яххьаш цхьатерра хеташ хилча… ахь алахьа соьга, муха хуьлу, хьо тап-аьлла Iаш, йоьлуш ю моттуьйтуш, хьан меттиг йоций хуъушшехь церан бIаьргаш чохь?

Дийцахьа ахь, хьан ойланийн тIорказ чохь ахь дIа мел дехкина кехаташ, церан жоьпаш IиндагIера доьхуш хилча!

Ахь алахьа, малх чубузучу хенахь хьо хьайн са цадевзачу хьолехь муха хуьлу, хьайна хуъушехь цул тIаьхьа йогIу буьйса мел бодане, кхоьлина, сингаттаме, цуьнан Iархех юьззина, цуьнан цIе йоккхуш, мел еха хуьлу!

Ахь дийцахьа соьга дIакъастарех лаьцна…

хьуна и воцучу меттехь дахаран маьIна ца хеталуш хилча, цуьнан къамел ца кIордош, ахь и хьайн кийрахь айина муха лелош ву!

ХIай сан доттагI! Ас нигат дина: хIора буса со сайн дагалецамашца дIалечкъина, сайн ирс а, самукъадалар а лоьхуш Iийр ю аьлла…БIаьрхиша гIаддайиначул тIаьхьа наб кхетар ярий-те суна?

****

**Жимачу зезаган туьйра**

"Жимачу зезаго" шен ден цIа, доггах йоьлхуш еана, элира:

– Дада, сан цIийндас суна йиттина, юьхь тIе тIара тухуш, суна а, со кхаьбначунна а сардамаш духкуш!

БIаьргийн бос цIийбелла, бIаьрхиш охьаоьхуш, оьгIазвахначу, дас элира:

– Дала бекхам бойла цунна, ма юьхь йоцуш ву иза! Цо хьуна муха етта? Цуьнан куьйгана ас цуьнца дина дика муха дицделла ?!

Хьо сан са а, дог а дуй хууш вацара и?!

Ас, качъеш, дика кхаьбнарг,Iамийнарг ма хьо ю. Ма дин а, сий доцуш а ву иза!

Нана яра ладугIуш, дагна хорам хилла, халахетта, ша дог кегделла йолушшехь, шен йоIанна хиллачу балех балдаш тIера дош иккхина, нанас дега элира:

– ХIай зезаган да, тахана хиъна хир ду хьуна, йоьIан юьхь тIе далийтинчу тIарано ден юьхь муха лазош хилла?!

****

Ас цуьнга аьлча:

«Сан дог поппарх кхоьллина ду, ма дохадехьа иза!»

И ца вешира сох, шен дог эчиган ду аьлла!

Дукха хан ялале, догIа доьлхур ду, сан даго заза доккхур ду, ткъа цуьнан дог макхлур ду!

*****

Шен къоьлла ялхош,

БІаьрнегІарх туьтеш Іенаш, и йилхира!

Цуьнан бІаьрхишка хьоьжуш:

«Къоьлла ма ялхае,

ХІара жовхІарш долуш йолчу ахь…» –

Ас элира!

*****

Вайшиннан безам цкъа а хилла ма бацара ялсамани санна, хьох яьлча, со хІокху жоьжахатехь йогуш Іайттал!

****

Ахь сох лаьцна цхьа могIа мел язбо,

Со цхьа шо жималле юхайоьрзуш ю.

Моццал хир ю-те сан оьмар,

Хьан юьхьан аматаш гича?!

*****

Хьан юьхь-сибат делакъежира

Сан сих, айаделла, полла хилира!

Цо тIемаш тоьхча,

Сан даг чохь  петIамат-зезагаш кхиира!

*****

Хьо гаро сан юьхь тIера хебарш шардо!

Сан мерзачу сатийсамийн баьрччехь ю хьан меттиг!

Хьо гаре сатуьйсуш, къежбели и сатийсамаш а,

Хьуна лерина долу зезагаш а маргIалдели…

****

Хьо вевзичхьана, сайн коч харцахьа тIеюху ас…

Коьртахь доллушехь йовлакх а лоьху!

*****

ХIай сан деган эла!

Сай-бодий къаьстачу хенехь,

Шен кор а доьллий, хьозарчашна бепиган цуьргаш тосуш ерг!

Безам зуламца, ачонан, гамонан тангIалкхаш тIехь ирхъоьллинчу заманчохь а, ца юхуш,

хьуна безамна байт язъеш ерг!

Хьуна шабар-шибарца шира илли олуш ерг,

ХIара бос соьгахь товш бу я бац аьлла, хаттар деш!

Шен беллачарна а, тIамо бохийначарна а тIера Къуръан доьшуш, бIаьрхица, доIанца царна йоьлхуш ерг!

И хьоьца а, хьуна а, хьан дуьхьа а шен кераюккъехь

Цкъа а эшор боцу мохк  денбийрберг ю!

*****

Ас сайна шурул-кIайн коч эцнера хьо гича – хьуна кечъяла!

Хьо кхин ца вогIуш, юкъара дIаели и!

*****

Хьан ши бIаьрг Iуьйренан хьозарчий самадоху горгали бу!

Йовхонах кхехкачу дийнахь IиндагI цара даржадеш,

Шеца лепаш деана долу тхи зезаган хьаьж тIе хьоькхуш!

ТIаккха –

Хьан ши бIаьрг ма бу стелаIода тIехь суна гIулч яккха Iамийнарш!

*****

Ахь сурт хIоттадехьа:

Хьох марха хилча,

ДогIа муха доьлхур дара-те?!

Лаьмнашкара хьал муха хир дара-те,

Баппаш а, йиппарш а, Iажаркх а лаьмнех схьаюьйлучу хенахь!

******

Суна-м цкъа а хьо вицвелла вац!

Амма, сан деган уггар лазаме, Iийжаме а, лалуш доцурш, диццдала йиш йоцурш – сан ойланан терхи тIехь, ас ширачу тIорказ чохь дIалачкъийна дитина уьш!

Терхин эттIачу херонашна юккъехула охьаоьхуш, нийсса дIа сан деган бIаьрга тIехь социйла хуьлу церан!

Амма –

Халахетар къайладоккхуш, елакъежаш, хилла вас йицъелла моттуьйтуш, делар-къежар бехке а деш, со ехар ю!

*****

Ас кIа хьоккхучу хенахь сан хьера тIехь, батош схьайиллина, дисна кхокхий дара!

КIен докъа тIехь сауьйзуш  байлахь йисна нIаьвла а!

Сан пIендарш, собаран кенаш охьуш, деган хьера чохь Iийжийра!

КIадделча, дахкаран гата хьалаойуш гIамаран аренашкахь, цхьа гIулч хьалхайоккхуш, ши гIулч  тIехьаяьккхира!

Сох дисна дакъа ойуш, маханна дуьхьалоеш, со-м ийшира!

Сан оьмарал а боккха болчу тIоьрмиган кисанахь, бес-бесарчу къоламашца сан къежар ас куьйгаца дуьллуш, сайн доцу цIен зезагаш, пIелгаш юккъехь дугIуш, хIора де шарал деха ас теккхира!